ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM 28 сентябрь 2023 год № 18 (538)

# ИСЛАМАН ЗІАЬНАРШ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»



ОРДЕН «ЗА ЗАСПУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ

...я считаю что эта газета должна быть
4.05.2004.
А.-Х. Кадыров

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

ПРАЗДНИК МУСУЛЬМАН

## КАК МУСУЛЬМАНИНУ ПРОВЕСТИ МЕСЯЦ РАБИ-УЛЬ-АВВАЛЬ?

Слово «Раби-уль-авваль» значит первый месяц весны

Раби-уль-авваль – это третий месяц мусульманского лунного календаря, который является одним из самых значимых для верующих. Этот месяц особенный рождением последнего Посланника Аллаха – Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует). В этот месяц весь мусульманский мир празднует данное событие, поскольку Аллах благословил человечество появлением на свет Его лучшего творения. Слово «Раби-уль-авваль» значит первый месяц весны.

События, произошедшие в Раби-уль-авваль:

1. Пророк совершил переезд из Мекки в Медину.
2. Во втором году по Хиджре произошла битва Бувaат.
3. Во втором году по Хиджре произошла битва Сафьян.
4. 6 лет до пророчества Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует) родилась дочь Абу Бакра Асма.
5. 7 лет до пророчества Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует) родилась его дочь Саййида Руккаййа.
6. Хазрат Абу Бакр Сиддик был объявлен первым халифом.
7. Умм-Кульсум вышла замуж за третьего халифа Сайййидина Усман Гани Зунну.
8. В 10 году по Хиджре Пророк Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) покинул этот мир.

Это особенный месяц, полный благословений Всевышнего, среди которых рождение Посланника (да благословит его Аллах и приветствует), его хиджра в Медину, построение первой мечети. Кроме того, Раби-уль-авваль знаменателен тем, что именно в этот месяц был прочитан первый джума намаз.

Священный 12-й день месяца Раби-уль-авваль особенно важен для мусульман всего мира, так как в этот день родился тот, кто повел человечество из тьмы к свету, и тот, о ком Аллах сказал «благословение всем мирам». Мавлид празднуется с большой приверженностью, трепетом и почтением.

Этот день - еще одна возможность для мусульман отвлечься от мирского и задуматься о главном, о Всевышнем, который благословил мир Своим последним посланником, о том, каким бы был мир без Него, о том, кто завершил нашу священную религию Ислам, размышлять над жизнью Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) и предписаниями, которые он заповедовал. Этот день – напоминание для верующих о возрождении ценностей, практикуемых Пророком (да благословит его Аллах и приветствует), и его сунны. Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) стал благословением, и все, что с ним связано, является благим. Этот день приближает нас к учениям Ислама и образу жизни Пророка (да благословит его Аллах и приветствует). Месяц рождения Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) призывает мусульман помнить благословения Посланника (да благословит его Аллах и приветствует), и наполняет сердца любовью к Пророку (да благословит его Аллах и приветствует).




День рождения Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует) – это не день рождения в обычном понимании. Мавлид – это день благословения Всевышнего, которым он почтил человечество. В мавлид верующие радуются по случаю рождения Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) и любви к нему. Это радостный день для каждого верующего, так как именно этот день Аллах сделал особенным, подарив благо каждому мусульманину. Свою любовь верующим Аллах направил на землю в виде лучшего из Его творений, самого совершенного и способного направить человечество к истине. Жизнь Пророка (да благословит его Аллах и приветствует), без сомнения, является главным примером для всех мусульман, и каждый мусульманин обязан изучать события его жизни и следовать практическому примеру, оставленным им в каждой сфере жизни.

Празднование дня рождения Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) – это знак любви к нему и стремление следовать ему. В этот день в честь Пророка (да благословит его Аллах и приветствует) читают молитвы, вспоминают о его жизни, которая стала для верующих эталоном нравственности, стремятся заслужить его любовь благочестивыми деяниями. И в этот месяц, как и в остальные месяцы, мусульманам следует читать жизнеописание Пророка (да благословит его Аллах и приветствует), рассказывать о Посланнике Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует), читать Коран и сунну. А главное, что следует совершать в этот день, как и во все остальные, – восхвалять Аллаха за благословение, за того, благодаря которому Ислам дошел до нас, как совершенная и завершенная религия.

***Сайда Хайат***

ХЬАЖИН МУРИДИЙН ПОРАХ

## ХЬАЬЖИН МУРИД ИЛЕС ВАЙН МАХКА ЙУХАВЕРЗОР



**159 ШО ХЬАЛХА, КХОЛЛАМАН БЕТТАН 4-ЧУ ДИЙНАХЬ, КУНТА-ХЬАЬЖА (КИШИН ХЬАЖА) ЛОЦУЧУ ХЕНАХЬ, ЦУЬНЦА МАХКАХА ВАЬЛЛА ВОЛУ ХЬАЬЖИН УЛЛЕРА ГЕРГАРЛО ДОЛУ МУРИД, АРСАНГИРИН К1АНТ БЕНОЙН ИЛЕС, ШЕН ДАЙМАХКА Ц1А А ВАЛИЙНА, ША ВАЬХНАЧУ МЕТТЕХЬ, АХЬМАД-ЙУЬРТАХЬ, ЛАХЬТИ ЧУ ВЕРЗИЙНА Х1ОКХУ ДЕНОШКАХЬ.**

**ОЦУ ХИЛАМАХ ЛАЬЦНА ДУЬЙЦУ ИЛЕСАН Т1АЬХЬЕНАХ ВОЛЧУ ШАЙХ КАДЫРОВ ХОЖ-АХЬМАДХЬАЬЖАС.**

Арсангирин кIант Илес сан а, Ахьмад-Хьаьжин а кхозллагIа да ву. Сан да Жабраил ву, цуьнан да Iабдул-Къедир ву, Iабдул-Къедиран да Илес ву. И Илес, Бенара цуьнан да Арсангира охьаваьллачу хенахь, кIотаршкахь Iийна уьш, вайн хьуьна чохь. Имам Шамилан тIом дIабоьдуш болчу хенахь, йерриге йурт йохийна лелачу хенахь охьадовлар нисделла церан, дуьххьара Бена йохийча охьаваьлла ву тхан дайх волу Арсангири. Цул тIаьхьа Илес кхиъначохь тхан йурт йиллина, кIеззиг нах гул-гуллуш, тхан эвлахь сецна Илес. ХIинца оха и Илес дIавоьллинчу меттехь Iийна и, мелла а ваьхнехь, ваьхна. Цуьнан йерриге оьмаран зама ткъе дейтта-пхийтта шо бен йац. Эвлара зуда а йалийна, цо вина тхан да а, де деваша а, - шиъ кIант волуш, тIаккха, Хьаьжа махках ваькхича, цунна тIаьхьа дIавахана иза. И дакъа, хьажалахь хьайна, Дала хIун нисдина, тхан воккхах волу деваша ШахIад, Iабдул-Къедаран воккхах волу кIант, исс шо долчу хенахь, тхан деда и дакъа а доьхкина, хIинца Рамзан-ХьаьжагIар Iаш болчу оцу керташкахь дIадоладелла церан дахар.

Рамзан-Хьаьжа Iаш волчу оцу декъа тIехь хIинца а тхан девешин кIант ву. Эццахь дуьненчу ваьлла ву со а, оцу тхан керлачу меттехь. Иштта дIадевлла тхо а, цул тIаьхьа ши-кхо да хийцалуш оцу декъа тIехь баьхна и цхьа кхи нах. Цаьргара и дакъа эца а эцна, йуха, царна массарна а цIенош дан тхан махка тIехь дакъош лучу меттехь, меттигаш йелла, царна уьш реза боллуш болу махбелла, и дакъа йуха дола даькхинера Рамзан-Хьаьжас, вайн Мехк-Дас. И дола даькхинчул тIаьхьа оцу тIехь жамаIат маьждаг деш, берашна хьеха хьуьжар йеш, йаахIума йаа, зуькар дан, массо а хIума кечйина Рамзан-Хьаьжас дукха хаза, исбаьхьа. Иштта, «Хьаьжин беш» аьлла цIе а тиллина, хIунда аьлча Хьаьжа, Иласхан-Йуьртара шайх оцу тIевогIуш хилла, Илес волчу. Иштта, Дала и меттиг дола йоккхучу хенахь Илес оцу меттиге вогIур ву аьлла тхуна дагахь а дацара. Дала хIун нисдина, цуьнан некъ толлуш, шен администрацин хьаькаме и болх талла накъостий а хIиттийна, и болх байта аьлла вайн Рамзан-Хьажас, вайн Мехк-Дас.

Нохийн Республикан Iилманан академин Президент Умаров Джамбулат коьртехь волуш, йоккха тоба вовшахтоьхна, дуккха а къахьегна цо. Цо ша хьегначу къинна йерриге документально куьйгаш таIийна, массо а хIуманца, кехаташца йерриге со волчу схьайеана, вайн Мехк-Ден омранца. ХIара «хьанех» ву хIара тайпа хIуманаш дика хуушверг, тхан воккханиг, аьлла хIара шена гайтича, цо со волчу схьабахкийтина уьш. Шен администрацин хьаькам Таймасханов а, Умаров Джамбулат а. Дерриге а ша лелийна хIуманаш дуьйцуш шина-кхаа сохьтехь, сан тхевна кIелахь охьахевшина, суна уьш дерриге ган а гойтуш, цара бина белхаш Россин Iилманан академис а цхьаьна, дукха онда белхаш бина цара. Йуха суна ма-дийццара вайн телевиденехь Джамбулата дIа дийцина и вайн махкахь.

I949-чу шарахь даьккхина долу Ахмад-Хьажин ден Iабдул-Хьамидан сурт дахьийтина цигга цуьнга, оцу вукха таллам беш болчарна тхан деда лоьхий хууш а доцуш, байтина талламаш. Нохчий хилар сецца долуш, дIабоьхкина хилла эццехь берш. Йерриге а антропологин бустамашца бинчу талламашца схьааьхкина болу нах, Iилманчаша бинчу талламашца нохчийн къомах хилар билгалдина ду: дегIан йерриге а меженийн даьIахкийн барамаш, уьш нохчий хилар сацийна. ТIаккха, гучудаьлла вайн Илесан номер 52 хилла хилар. Оха дахьийтина долчу суьртаца гергарлонан зIе йу-йац хьовсуш, хIара цуьнан кIентан-кIант ву бохург хьехош а доцуш, таллам байтина. И таллам бечохь сурт хIоьттина (билгадаьлла) 95% Iабдул-Хьамидан суьртаца цхьаьна догIуш хилар.

ТIаккха тхан хаттар кхоллало, тезет хIоттор дуй вай? - олий.

ХIоттор дац, аьлла ас вайн Мехк-Дега. Оцу лаьцна лаьттанчу наха, Хьаьжица лецна Iийначех веккъа Гихтара Коврнакъ бохуш волу цхьаъ бен цIавеана вац, цо дийцинчу хIуманца эццехь Хьаьжас а, Мовсара а кечвина, докъа ламаз дина, шаьшшимма лахьти чу вуьллуш дIавоьллина шун да аьлла, тхан дедевеше Iадсаламе и дийцина. И дийцина хиларца оха кертахь тезет хIоттийна оцу заманахь. Шайн дена тезет хIоттийна доьзалша. ХIинца йуха тезет хIоттор дац вай аьлла, ас вайн Мехк-Дена и дош тIедахьийтина. ДIа мичахь вуллур ву боху хаттар хIоьтти тIаккха. Дала шен даккхийчу Iаламаташца и Илес охьахиина Iийна долу дакъа, Хьаьжа цунна тIевогIуш хилла долу дакъа, йуха вайн дола даьккхина, вайн Мехк-Дега Рамзан-Хьаьжега и цIан дайтина, кхала а кхелина, беш йугIуш, междиг, зуькар дан меттиг, зерат буьйса ларйан меттиг, дерриге а дIанисдина болх бина цо. Оцу метте, беша дIавуллур ву вай иза. Каврнакъ Гихтара ву аьлла, Гихтахь рузбанан маьждиг дайтина вайн Мехк-Дас. Тахана шен беша дIавуллур ву вай Илес. Ваьшна лаахь зерат дан шариIатехь бакъо хир йу вайн, хIунда аьлча дакъа вайн ду. Дакъа вай эцна, вайн дола даьлла.



И дIо йукъахь, вайн йуьртан кешнаш долчохь, дIавоьллинехь иштта паргIато йацара вайна. Шен буха тIехь дIавуллур ву аьлла, иштта и болх бина оха, и цига дIаверзийна. Дерриге а хIума Делан кхиэлаца ду. Иштта и талламаш суна хьалха охьа а бехкина, йерриге а йеша а йоьшуш, хьажа а хьожуш даьхна суьрташ, таллам бинчул тIаьхьа и хилар сецча, иштта и дина оха, иза доккха Iаламат ду. ТIаккха и лахьти чу виллале ас элира: «Хьаьжас, Мовсара лахьти чу дIавоьллланера хIара вайн дада, хIинца шен бераша вуллур ву хIара, шен бешахь лахьти чу». Чувоссал, аьлла, вайн Мехк-Дега, иза лахьти чу а воссийтина, со цуьнца чу а ваьлла, тхаьшимма схьа а эцна, цуьнан дегIан даьIахкаш, дIайоьхкира оха оцу меттехь. АльхьамдулиллахI, оцул доккха Iаламат дуй-те аьлла, оццул доккха хIума ду иза! Дала иштта оцу тIенисдина иза. Хьажалахь цуьнан кхин а цхьа некъ. И Илес санна Хьаьжица хьирчина болчу нахаца махках ваьлла а воцуш цIахь висина волу Iаьндара Iумар-Хьаьжа Iедало лаца а лаьцна, дIавигна, Аштаркханехь лаьцна чувоьллина, эццахь дIакхелхина. ЦIа вало йиш ца хилла, циггахь цхьанхьа дIатаIийна иза. Цул тIаьхьа, къайллах муридаша, масийтта шо даьллачул тIаьхьа схьа а ваькхина, хIурданал сехьа ваькхина цара иза, эццехь йуха дIавоьллина цара иза. Йуха хан йаьлча, Iаьнда а валийна и ша ваьхначу метте дIавоьллина. ТIаккха доккха зерат а дина цунна. И зерат дайтинарг вайн Мехк-Да ву. Дош аларца, Iуналла дарца, гIо динарг со ву. Цига хIинца а лелаш ву со.

***Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжа***

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

ЭЛЧА (I.С.В.С.) – ДАХАРАН МАСАП

# (ДЕЛЕРА САЛАМ-МАРШАЛЛА ХУЬЛДА ЦУННА)ЭЛЧАНАН АСХЬАБАШНА ТАIЗАР ДАР

**(ИМАДИЛЛИНЧУ НЕХАН ДЕЛАХ А, ДЕЛАН ЭЛЧАНАХ А (1.С.В.С.) ТЕШАР ЧIОГIА ДОЛУ ДЕЛА, ШАЙН ДИНАХ ЦА БУХУШ, ШАЙНА ДЕЧУ ТАIЗАРШНА КIЕЛАХЬ БАЛА А РЕЗА БАРА УЬШ. ДЕЛА РЕЗА ХУЬЛДА ЦАРНА.**

Ислам динан мостагIашна
Шайгахь ницкъ бу моьттинера.
Имадиллинчу нахана
Iазап дан уьш хIиттинера.

Делан Элча (I.с.в.с.) бале лацарх,
Царна тоам ца хиллера.
Цхьанна а иза зене вацарх,
ТаIзарш дан а долийнера.

Шайн лаамехь дин тIелаьцна,
ГIийла, миска нах а хьийзош,
Къизалло шен орам хецна,
Зама йара дегнаш Iийжош.

Цхьа низам шайца доцуш,
Церан Iазап луьра дара.
Делан некъах шаьш ца бухуш,
Iазап лан уьш кийча бара.

Элчано (I.с.в.с.) шен туьрца кхерош
ТIеберзийна уьш бацара.
Бусалба дин шайна дезаш,
Элча (I.с.в.с.) къобал вина бара.

Элча (I.с.в.с.) къобалвина болчу,
Царна даим дара дагахь,
«ЛаилахIа иллаллахIу,
Мухьаммадур расулуллахI

Цхьана дийнахь Абу-Бакр
Элчанна тIе ваханера.
IубайдуллахIан кIант, ТIалхьат,
Ийман дилла цо вигнера.

Ша Делаца ийман дуьллуш,
Цу ТIалхьата тоьшал дира:
Шен дола деш Дела волуш,
Элча хилар даре дира.

«АллахI воцург кхин Дела вац,
Мухьаммад ву цуьнан Элча. (I.с.в.с.)
Iожал йоцуш вай лийр а дац,
ШапаIатан да ву Элча.

Хьол сийлахь верг цхьана хенахь,
Кху дуьненчу веъна ма вац.
Хьайчул сийлахь, йеза цIе а,
Цхьана дена тиллина йац».

И болх хиъча, ца тешаш берш,
ЧIогIа оьгIазбаханера.
Абу-Бакр, ТIалхьат аьшнаш веш,
Ший а вовшах вихкинера.
Абу-Бакра сацам бира,
Ша дIакхалха Хьабашате
Сихонца шен кечам бина,
Новкъа велира ХIижрате

Новкъахь цунна дуьхьал кхийти,
Шен тайпана тхьамда волу,
Ибн-ДугIун. Цо цуьнга хаьтти:
«Абу-Бакр хьо стенга воьду?»

Абу-Бакра жоп делира:
«Махках ваьккхина воьду со.
Дуьне ма-дду лела воллу,
Динан маршо кхузахь ца го».

Ибн-ДугIуна элира тIаккха:
«Махкахвоккху стаг ма вац хьо,
Цlаверзахьа, хIай, Абу-Бакр.
Махкахь везаш стаг ма ву хьо».

Ибн-ДугIуна бохург дина,
Абу-Бакр цIавирзира.
Къурайшийн нах схьагулбина,
ТIаккха цаьрга цо элира:

«…ГIийлачарна ша гIодеш верг,
Вайна дика хIума деш верг,
Буобераш дукхадезаш верг,
Аш муха воккху и махках?!
Бохам хилла де эшна верг,
Зуламах ша ларвеш верг,
Миска нахана гIодеш верг,
Аш махках и муха воккху!?»

Ибн-ДугIуна шайга бохург,
Къурайшаша къобалдира.
Къобалвина нийсо лоьхург,
ТIаккха цара ма элира:

«Ахь дIаала Абу-Бакре,
Шен цIахь Далла гIуллакх де.
Къуръан деша, Iамал а йе.
Шена ма-луъу ламаз де.

Нах тIеийзош ма де хьехар,
Новкъарлонаш ма е ала.
Къуръан чIогIа, хезаш дешар,
Оха шена доьхку ала».

Ибн-ДугIуна Абу-Бакре,
Шега аьлларг дIадийцира.
Абу-Бакр аз айа ца деш,
Къуръан деша и вуьйлира.

Иштта иза Iаш а волуш,
Абу-Бакра ойла йира.
Шен декъа тIехь ша къахьоьгуш,
Цо цIахь маьждиг схьадиллира.
Цу чохь иза ламазаш деш,
Къуръан доьшуш Iен велира.
Наха цуьнга, баккхий а беш,
Хаза хеташ ладоьгIура.

Абу-Бакра Къуръан дешча,
Догдуткъалой велха воьлхуш,
Шайн берашна и дIахезча,
Дагахкхетарна шаьш кхоьруш.

Кхерабелла Маккий элий,
Ибн-ДугIуна тIекхайкхира,
Бехк баккхарца уьш бистхили,
Цара цуьнга дIахьедира:

«Шен цIахь Далла гIуллакх а деш,
Цхьанна новкъарло а ца еш,
Iийр ву иза тхайга аьлча,
Тхо тIетайра тхайга дехча.

Шен кертахь цо маьждиг дина.
ЧIогIа, хезаш Къуръан доьшу.
Йина чIагIо цо йохийна.
Делла дош шаьш юхаоьцу».

Ибн-ДугIуна тIаккха элира:
Абу-Бакр волчу вахана,
Вайн хилла барт ахь бохийна.
Со оцунна бехкал вахна.
Абу-Бакра элира тIаккха:
«Къайлах Iамал йийр ю аьлла,
Ас делла дош юхаийци.
Со цу новкъахь сецна ваьлла.

Дела везар тIех-совдаьлла,
Со сайн дашах воьхна хьуна.
Кху дуьнен чохь цула тоьлла,
Нийса, кхин некъ ца го суна.

Делан некъах гал ца вала,
Iазап лан а ву со кийча.
Бусалбашна хIун ду хала,
Сийлахь Дела-АллахI хилча».

Оцул тIаьхьа гуттар чIогIа,
Бале лецира Абу-Бакр.
Делах тешар дара чIогIа.
Дай хетара муьлхха таIзар.

Ислам динан юьххьехь цхьа а,
ТаIзар даза ца висира.
Имадиллинчу цу наха,
Iазап ларца догIмаш зийра.

Хаббаб аьчкан пхьар ма вара.
ЧIогIа Iазап лайна вара.
Вайн Пайхамар Мухьаммадна (I.с.в.с.),
Дукхавезаш иза вара.
Умму-Анмар зудчо эцна,
Цунах шена лай винера.
Ислам динах шена хезча,
Хаббаба имадиллинера.

Умму-Анмар карзах яьлла,
Цунна Iазап дан йуьйлира.
Ийман хIунда диллина аьлла,
Цlийдина эчиг тIедиллира.

Ислам-дин дIатаса бохуш,
ТIех-сов къиза ша хьийзаварх,
Кхин а чIогIа динехь чIагIлуш,
Ийманехь и сов волура.

ЭхI! Масане бу уьш бийца.
Царах цхьаъ ву Абу-Зарр а.
Бала лайнарг доьналлица,
ГIифар тайпана и вара.

Имадилла дага деъна,
Шайн махкара Макка веъна,
Абу-ТIалибан кIентан хIусмехь,
И сецнера Iали волчохь.

Iали волчохь хьаша хилла,
Кхо де-буьйса цо даьккхира.
ТIаккха цо ша имадилла,
Элчанна (I.с.в.с.) тIе вигийтира
Цхьаъа тайпа шеко йоцуш,
Цуьнца има цо диллира.
ТIаккха КаIбат долчу кхочуш,
Аз айдина цо кхайкхира:

«Ас дог тешна тоьшалла до,
АллахI воцург кхин Дела вац.
Делан Элча (I.с.в.с.) ас къобалво,
Мухьаммадан расулуллахI!»

Цатешарш гIевттира тIаккха.
Абу-Зарр хьовзийра цара.
ГIоьртира и дохко ваккха.
И-м Делах сов тешна вара.

Исламан динах ца боха,
Хуьлура таIзар лан кийча.
Церан ницкъ кхочу сатоха,
Ислам-дин бакъ дин дуй хиъча.

И саннарш масане бара.
Царах цхьаъ – Хьабашин Билал
И цIена бусалба вара,
Iазап ловш цо хьегна бала.

Уьш, сийдеш, хьакъ ма бу, бийца,
Ийманехь шайн догIмаш зийнарш.
Цхьаннах а йиш йац уьш хийца,
АллахI воцчух цакхийринарш.

*Пашаев Нурди*

ВАЙН УСТАЗИЙН ВИРДАШ

# ВИРДЫ. ШЕЙХИ И ЭВЛАЯИ

**По способу совершения зикр делится на громкий (джахрия) и тихий.**

В Чечне и Ингушетии тихого зикра придерживаются последователи накшбандийского тариката. С середины XIX века распространяется учение другого суфийского ордена – кадирийского тариката, который практикует громкий зикр.

**Вирды накшбандийского тариката: Ташу-Хаджи, Ахматук-Хаджи, Докку-Шейх, Дени-Шейх, Юсуп-Хаджи, Багаудин Арсанов, Умалат-Шейх, Элла-мулла, Сугаип-мулла, Узин-Хаджи, Солса-Хаджи, Сулейман-Хаджи, Албаст-Хаджи, Магомед-Амин, Янгульба-Хаджи, Канна-Шейх, Ибрагим-Хаджи, Косум-Хаджи и Шамсудин-Хаджи. Указанный список был представлен Ю. Гадаевым в статье «Мюридизм в Чечено-Ингушетии» (с. 13).**

**Вирды кадирийского тариката: Кунта-Хаджи, Батал-Хаджи, Бамат-Гирей-Хаджи, Али Митаев, Юсуп-Хаджи, Хусейн-Хаджи, Мани-Шейх, Магомед-Али-Хаджи.**

Каждый из этих тарикатов имеет свои вирдовые ответвления (дочерние образования), число которых превышает тридцать. Последователей кадирийа значительно больше, чем накшбандийа. Накшбанди – это тайный, кадирийа – открытый. Все свои обряды и моления мюриды сект толка накшбанди совершают тайно, изолированно от представителей других сект.

Шейхи и эвлаяи. Эти святые праведники жили ради людей и во благо их.

Можно любить своего устаза больше, чем всех других, но строго-настрого запрещено ставить одного эвлаяи выше или ниже другого.



Наши духовные отцы, будучи моральным и нравственным стержнем нашего народа, никогда не делили людей по тайпу или вирду. Они всегда были за единение народа в духе взаимопонимания, взаимопомощи, а также уважения к выбору человека.

О шейхах и эвлаяах запрещено рассказывать выдумки и небылицы, какой бы любовью к своему устазу они не были продиктованы. Они достойно прошли свой жизненный путь и совершенно не нуждаются в наших жалких попытках улучшить их биографические данные и происхождение.

При жизни святых, под страхом лишения духовного покровительства, ни один мюрид ни одного устаза не осмелился бы сказать что-либо осудительное о другом эвлаяи. Шейхи и эвлаяи всегда были одинаково почитаемы и уважаемы в нашем народе. Давайте сохраним эту прекрасную традицию, которая помогала нам выживать там, где не смог бы никто.

Призываю вас всех вдуматься в суть этого жизненно важного вопроса и вести праведный образ жизни, подобающий истинному мусульманину.

Давайте будем одним целым во благо нашего будущего, ради каждого живущего и в память об ушедших.

### БРАТСТВО ВИРДА

Ислам в Чечне, по признанию многих исследователей, имеет многовековую историю. «Сила Ислама в том, что он утверждался на периферии мусульманского мира, адаптируясь к этнокультурным особенностям региона», - пишет известный религиовед, доктор философии, профессор Вахит Акаев. Он подчеркивает, что «на Северо-Восточном Кавказе (Дагестане, Чечне и Ингушетии) Ислам распространялся в форме суфизма, представленного через тарикаты накшбандийа, кадирийа и шазалийа».

**«Термин «тарика», – отмечает ученый, – означает «путь». А тарикат – это «система духовно-мистической подготовки верующего, избравшего путь, ведущий к Истине (Богу)».**

В. Акаев отмечает также «неидентичность объемов понятий «суфийский тарикат» и «суфийский орден», «орден - объединение верующих, возникшее на почве выбора того или иного тариката, а тарикат – путь, ведущий к Богу».

Членов суфийских братств называют мюридами. «Приблизиться к Богу через преданную службу, сердечную привязанность к своему наставнику, пророку – цель, преследуемая мюридом».

По утверждению ученого, «в суфизме встречается большой разброс идей: от умеренных, не противоречащих ортодоксальному Исламу, до крайних, допускающих чрезмерное свободомыслие. Многообразна в суфизме и ритуальная практика: встречаются суфии, исполняющие тихий зикр, а также те, кто исполняют громкий зикр».

По мнению другого исследователя, этнографа Яна Чеснова, «исследователям предстоит еще долгая работа для того, чтобы объяснить, почему Ислам в Чечне утвердился именно в суфийской форме».

*А. Сагов*

# СТАТЬ РЕБЁНКУ ДРУГОМ, СЛУШАТЕЛЕМ, СОБЕСЕДНИКОМ

«Воспитатель сам должен быть тем, чем он хочет сделать воспитанника» (Владимир Даль, русский писатель).

Известно, что дети, как губки, впитывают всё, что видят вокруг. Поэтому работа с ними – задача очень ответственная. Ведь зачастую потери и упущения, допущенные в раннем, дошкольном возрасте, невосполнимы.

Кто является эталоном для совсем ещё юного человечка? Родители, бабушки и дедушки, сёстры и братья... В общем, самые близкие и значимые люди. А ещё воспитатели.

Если человек решил стать профессионалом своего дела, заняться столь непростой работой – обучать детей, то каким он должен быть? Пожалуй, самое важное – он должен быть человеком с добрым сердцем и обладать бесконечной любовью к детям. Иначе никак. Ведь дети, как радары, чётко и точно воспринимают, и отражают информацию и тонко чувствуют людей. Воспитатель – он и психолог, и художник, и артист. Его задача – войти в контакт с ребёнком, стать ему другом, слушателем, собеседником. Суметь вовлечь его в мир знаний, удержать внимание, в простой и игровой форме научить чему-то полезному, доброму, показать на примерах, что хорошо, а что плохо. И на этом список не заканчивается.

Воспитывать детей становится всё труднее. Учитывая современные реалии, развитие технологий, воспитатель должен постоянно повышать свои знания, идти в ногу со временем. Быть, так сказать, универсальным специалистом. Нравственность, этика, мораль – базовые принципы, которым нужно обучить ребёнка. Наряду с этим важно развивать критическое мышление, дабы юный человек сумел впоследствии отличать полезную информацию от вредной, особенно в сегодняшней реальности. Воспитывать в ребёнке личность думающую, активную, созидательную – вот цель воспитателя. Нельзя не упомянуть великого учителя, человека, жившего много веков назад и оставившего нам прекрасный, пример, как нужно воспитывать детей и как с ними обращаться.

Пророк Мухаммад (да благословит его Аллах и приветствует) никогда не повышал голоса, был бесконечно добрым, терпеливым, с уважением относился к детям, был очень внимательным, чутким и сострадательным к ним. Когда он совершал намаз и вдруг слышал плач ребёнка, то спешил завершить богослужение из-за жалости к малышу, чтобы скорее помочь ему. И это лишь один пример…

Напоследок скажем, что профессия воспитателя не только налагает на человека огромную ответственность, но и даёт неоспоримое преимущество – умение радоваться жизни и смотреть на неё через призму чистых детских душ.

*Самия Омарова*



«ДАЙМОХК» ГАЗЕТАН ИСТОРИ

# САТУЕВА ЛУИЗА

ТIамал тIаьхьарчу чIогIа чолхе хиллачу муьрехь, 2002-чу шарахь, «Даймохк» газетан коьрта редактор чIагIйира Сатува Луиза.

- ХIетталц суна бевзаш хилла боцу болх сайна тIебиллича, дуьйцу Луизас, - со мелла а шеко йолуш хилира: ларор йуй-техьа со оцу доккхачу жоьпаллин декхарца, газет хIетта когадоьдуш бен ца хилча, муххале а, бохуш, ойланаш кхоллалора. Амма дукха хан йалале сан шеконаш дIайехира газет меттахIотто а, арахеца а вовшахкхеттачу редакцин журналистийн бертахьчу коллективо. Белхан хьелаш ледара дара, цхьаболчу белхахойн ур-атталла чуберза хIусам йацара, дIасаваха кхераме дара. Амма белхахоша, оцу йерриге а новкъарлонашка ца хьуьйсуш, хан-зама ца лоьруш, шайн дахар а, ницкъаш а ца кхоош, хьанал кхочушдора шайн декхарш. Газет шен-шен хенахь арадолура. Балхахь суна дика, тешаме накъостий хилира Шамсудинов Бувайсар, Дадаев Сайд-Хьасан, Аболханов Хьаким, Алиев Iаьлви, Газиева Аза, Курбанов Ваха, кхиберш. Дела реза хуьлда царна! Ишттачу накъосташца болх бан хала дацара, - дагалоьцу Луизас.

Ала деза Луиза белхан коллективан говза куьйгалхо, башха вовшахтохархо хилла хилар. Берриге а белхахошца йуххера гергарлонаш, йукъаметтигаш йара цуьнан. Иза белхан коллективехь кхолларалин хьал кхуллуш а, цуьнан цхьабарт беш а дара. Луиза дика кхетара республикин куьйгалло дечу гIуллакхех а, тIейогIучу ханна йолчу цуьнан планех а. Уьш кхочушйарна тIехьажабора Луизас редакцин журналистийн болх. Уьш кхетабора Нохчийчоьнан куьйгалло деш долу беркате гIуллакхаш газетан агIонаш тIехь хьакъ ма-дду гойтуш хила декхарийлахь хиларх. Дукха хан йалале дика карабирзира Луизина шен болх. Газет чулацаме а, хаза кечдина а арадала доладелира.

- Суна цкъа а дицлур дац «Даймохк» газетан 80 шо кхачар 2003-чу шеран апрелехь билгалдаккар, - дуьйцу Луизас. - Журналисташа дуккха а говза гIуллакхаш дира оцу цхьаьнакхетарх доккха деза де дарна. Цига республикин куьйгалхой, интеллигенцин векалш, бакхий йаздархой баьхкина ца Iаш, амма газетан белхан ветеранаш а бовзийтира цигахь. Со йоккхайеш йара ишттачу коллективан декъашхо со хиларх, «куьйгалхо» ца алало соьга.

ХIинца Луиза дика дош олуш, хастош хьахайо хIетахь цуьнца цхьаьна болх бинчу журналисташа Дадаев Сайд-Хьасана, Аболханов Хьакима, Шапошник Викторияс, кхечара. Билгалдоккху иза оьзда, гIиллакхе, коллективехь йезаш а, сий деш а хилла хилар. Иза ша йезийта хууш йара.

Л.Сатува йина I964-чу шеран кхолламан беттан I8-чу дийнахь Хьалха-МартантIехь махлелоран белхахойн доьзалехь. Луизин да Сатуев Iаднан партин Хьалха-Мартан кIоштан комитетана а, кIоштан исполкомана а йуххехь хиллачу книгийн туьканан заведующи вара. Сан дика хьаша вара и оьзда стаг. Со МартантIе вахча, хийла иза волчу туькана воьдий, цигара книгаш оьцура ас. Iаднан махлелоран сийлахь белхахо, къинхьегаман ветеран вара. Цунна дукхабезара шен болх, цунах дозалла а дора. Книга дахаран сийлахь гIирс лорура цо. Цундела Луизин дахарехь а хакъ йоллу меттиг дIалецира книго. Церан цIахь йоккха библиотека йара. И книгаш йоьшуш, царах боккха пайдаоьцура йоIа.

Луиза шен пхи шо кхаьчча школе йахара. Цу хенахь цунна дика хаьара книгаш йеша а, йаздан а. ТIехдика доьшуш, I980-чу шарахь чекхйаьккхира цо Хьалха-Мартан №I йолу йуккъера школа. Оццу шарахь Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетан филологин факультете деша йахара. Луизас безамца дагалоьцу лаккхарчу дешаран заведенехь шена хаарш делла, ша дахаран новкъа йаьккхина болу хьехархой Тимаев Ваха, Хамидова Зулай, Зоев Супьян, Гакаев Жабраил, Овхадов Муса, Джамбеков ШаIрани, дуккха а кхиберш.

I985-чу шарахь, университет чекхйаькхинчул тIаьхьа, оьрсийн мотт а, литература а хьеха Хьалха-МартантIерчу №7 йолчу школе йахийтира Луиза. ХIетахь цунна хьехамча а, дика накъост а хилира школин директор Джаналиев Iела, ткъа ша иза математик вара. Луизас жигара дакъа а лоцуш, школехь кест-кеста дIахьора конкурсаш, викторинаш, литературин суьйренаш. Дукха хьолахь, цигахь дакъалоцуш хуьлура йаздархой а, бевзаш болу кхиболу нах а. I99I-чу шарахь Луизина «Лакхарчу хьехархочун» цIе тиллира.

Нохчийчохь хьалхара тIом болабелча МартантIе ракеташ йиттира. Кхийолу гIишлош а санна, йохийра Луизас болх беш хилла школа а. Оцу хенахь дIабелира Луизин школера болх а.

I995-чу шарахь шен вешица цхьаьна вийра Соьлжа-ГIалахь йехаш хиллачу Луизин йишин цIийнда. Кхаа бераца йисира йиша. Иза йолчу дIайахара Луиза. Оццу шарахь Соьлжа-ГIалин мэрехь бакъонаш лучу отделехь коьртачу говзанчин болх бан йолайелира йоI. Адамаш тIамал тIаьхьа меттадогIуш дара. Мэрин белхахоша дуккха а гIуллакхаш дора гIалин бахам меттахIотторна. Амма дукха хан йалале Нохчийчу беара кхин а къиза, луьра шолгIа тIом.

2000-гIа шо йуккъе доьдуш йуха а болх бан йолайелира Соьлжа-ГIалин мэри. Цигахь коьртачу говзанчера отделан хьаькаме кхаччалц кхуьуш, шен декхарш хьанал кхочушдеш, билгалйелира Луиза. ГIалин дахарехь уггаре а хала мур бара иза. Адамаш хаддаза кхерамечу хьолехь дара. Оцу муьрехь тайп-тайпанчу хенашкахь герзаш лилхина, кхелхира мэрин кхо белхахо, ткъа мэр С.Махчаев йаккхий чевнаш йина вара. ТIаьхьара а меттахIотто йолийра гIала а, цуьнан бахам а. ГIалахой тIаьхь-тIаьхьа цIаберза буьйлабелира. Схьайиллира медицинин учрежденеш, дешаран заведенеш, болх бан йуьйлайелира организацеш а, предприятеш а.

2002-чу шарахь «Даймохк» газетан коьрта редактор хIоттийра Луиза. Амма доьзалехь кхолладеллачу хьолаца, ма-дарра аьлча, тIом болчу хенахь чевнаш хилла волчу цIийнадена республикехь дарба ца карорца доьзна Л. Сатуевас 2004-чу шарахь битира газетан коьртачу редакторан болх. Амма Луизас йоккха хазна йукъайиллира «Даймохк» газет меттахIотторна а, тодарна а.

*Магомаев Салавди*

# 10 СОВЕТОВ РОДИТЕЛЯМ КАК ВОСПИТАТЬ РЕБЁНКА?

Мы не знаем, ведь каждый ребёнок индивидуален и есть только общие принципы и советы, которые родитель волен применить на практике. Но мы взяли на себя смелость собрать самые важные советы.

1. Не переживайте о еде. Вам кажется, ребёнок плохо ест? Не переживайте, он будет есть, когда проголодается. Не давите на него и не паникуйте. Главное – не оставляйте в поле зрения малыша конфеты.

2. Режим сна. Лето не повод менять выработанные привычки. Ранний сон ребёнка – залог душевного здоровья родителей, ведь так у них появляется несколько часов для себя.

3. Научитесь говорить «нет». Чем лучше вы отклоняете запросы, которые не отвечают интересам вашего ребёнка, тем меньше их будет. Первый раз вы переживёте истерику, второй раз будет плач и вселенская обида, но уже на третий ребёнок только вздохнёт, увидев на витрине любимое лакомство.

4. Помните: вы образец для подражания. Каждый ребёнок копирует поведение родителей, и плохие черты дети подмечают быстрее хороших. Так что следите за собой.

5. Читайте своему ребёнку каждый день. Во-первых, это помогает установить с ним эмоциональную связь, а во-вторых, развивает его воображение, увеличивает словарный запас.

6. Доверяйте своим инстинктам. Если вы не понимаете, что не так с вашим ребёнком, и чувство беспокойства не покидает вас, доверьтесь себе. Поверьте, лучше прослыть тревожной мамой, чем упустить что-либо серьёзное.

7. Умейте признавать свою неправоту. Если вы совершили ошибку или нарушили обещание, данное ребёнку, извинитесь. Так вы научите его тому, что можно ошибаться, но важно признавать это.

8. Отложите свой телефон. Что бы это ни было: важный звонок, сообщение, срочный пост – поверьте, ваш ребёнок важнее. Его детство пролетит так быстро! Успейте насладиться им, а остальное подождёт.

9. Ответьте на бесконечные «почему». Маленьким детям всё интересно. И вы их главный проводник, а если перестанете отвечать на их вопросы, они могут перестать спрашивать.

10. Научите ребёнка здороваться. Покажите ему, как нужно приветствовать знакомых, улыбаться, что нужно произносить при прощании.

11. Безопасность. Придумайте своё кодовое слово. Обыграйте ситуацию, при которой ребёнку нужно будет его применить. Потратьте на это время, пусть это будет чем-то вроде игры для малыша, но, возможно, это спасёт его в будущем.

*Айшат Магомедова*

МЕХАПА ХЬЕХАМАШ

# ХИЛЛАРГ – ДIАДАЬЛЛА

Хилларг-лелларг дагаэхийтар, иза коьртехь латтор, и бахьанехь даима сингаттамехь, балехь Iар хьекъале хIума дац, лааман бер ду, карарчу хенара дахар эрна дайъар ду. Хьекъале болчара хиллачунлеллачун тептар дIакъовлу, дуьйцуш диллина ца латтадо иза, дицдаран басах кхуссу иза, чIогIачу буржулшца ба́ла ца хиларан набахте чу кхуссу иза, цундела цкъа а цигара хьала ца долу иза, цкъа а серло ца го цунна, хIунда аьлча иза хила а хилла дIадаьлла хIума долу дела. Сагатдаларо йухада́ло́ йиш йолуш дац иза, гIайгIанаша йуха дендан йиш йолуш дац иза, сахьийзаро керладаккха йиш йолуш дац иза, хIунда аьлча иза – доцург ду.

Хиллачун Iала́маташкахь ма ва́ха, дIадаьллачун IиндагIехь ма Iилла. Хила а хилла дIадаьллачуьнан гIалартех кIелхьарадаккха хьайн са. Хи йухадерзо гIерта хьо?! Малх йухаберзор лаьа хьуна?! Бе́р шен ненан кийра йухадерзо гIерта хьо?! БIаьрхи бIаьрга йухадерзо гIерта хьо?! Хилла дIадаьллачуьнца хьо ва́хар, цунна хьан сахьийзар, цуьнан цIарах хьо ва́гар, цуьнан неIсагIехь хьо охьавожар – чолхе хьал ду, кхераме хIума ду.

Даханчун тептарш дешар хIинцца долуш дерг дайъар ду, къинхьегамна новкъарло йу, карара хан талхор ду. АллахI-Дала хьалха хилла къаьмнаш, адамаш, умматаш дийцина, тIаккха аьлла Цо: «Уьш – хилла (дIадевлла) адамаш (къаьмнаш) ду». Чекхдаьлла, дIадаьлла иза, заманан чалх кегорах пайда хир бац, историн чкъург йухайерзалур йац.

Хиллачуьнга йухавоьрзуш верг аьхьна хIума йухаохьург санна ву, дечиган жир отуш верг санна ву. Хьалха-хьалха олуш хилла, хиллачунна воьлхуш волчуьнга: «Белларш кешнаш чуьра хьала ма гIиттабе».

Вайн коьрта сингаттам хIун бу хаьий хьуна? Вайн карарчу хенахь долчунна вай гIорасиз хилар бу, даханчуьнга вай алсам хьежар бу. Вайн хаза гIаланаш Iадйуьту вай, даханчун херцаршна белхарш до вай. Ткъа, хилларг йухадерзорхьама дерриге адамаш, жинаш цхьаьнакхетча а, далур доцу хIума ду и, хир доцу хIума ду и.

Адамаш тахана тIе́хьа хьоьжуш дац, йуха хьоьжуш дац. Мох ца гина хьуна, хьалхахьа́ хьоькхуш ма хуьлу иза?! Хи ца гина хьуна, хьалхахьа́ доьдуш ма хуьлу иза?! Къепал ца гина хьуна, хьалхахьа́ йоьдуш ма хуьлу иза?! Дахаран Iедал дохо ма гIерта хьо, цундела.

### ТАХАНЛЕРА ДЕ, ХЬАЙН ТАХАНЛЕРА ДЕ ЛАРДЕ́

Хьуо Iуьйренга ваьлча суьйрене ма хьежа. Деккъа таханлерачу дийнахь вехар ву хьо, шен диканца, шен вонца дIадахана долчу селхангахь вехар вац, хIинца а тIекхачаза долчу кханенгахь а вехар вац. Таханлера де, шен маьлхан зIаьнаршца хьуна серло йелла долу, и ду хьан де, кхин дац. Хьан оьмар цхьа де ду, цундела хьайн ойланехь цу цхьана денна ва́хар хилийта, цу дийнахь хьо вина а, цу дийнахь хьо лийр а волуш санна. ТIаккха хьан дахар даьржина хир дац йаханчу хенан гIайгIанашкахь, сингаттамашкахь, тIейогIучу хене ладегIарехь, цуьнан кхерамашлахь. Таханлера цхьана дийне хьажаде хьайн ойлайар, айхьа къахьегар, айхьа цхьа керла хIума дар, айхьа болх бар. Таханлерчу денна хила дезаш ду хьан Далла хьаставаларца ден ламаз, кхета гIерташ доьшу Къуръан, ойла йеш доьшу жайна, дог АллахIаца долуш зикр дар, хьайн гIуллакхаш йуккъерчу барамехь нисдина хилар, хьайгара ахь хаза амал, оьзда гIиллакх гайтар, хьо хьайна деллачунна реза хилар, хьайн куц-кеп ахь хаздар, хьайн дегI ахь могаш латтор, кхечарна ахь пайда бар.

ХIаъ, тахана хьо шена чохь дийна волчу хIокху цхьана дийнахь. Цуьнан сахьташ доькъу ахь, минотех шераш до ахь, сикондех беттанаш до ахь. Дика дIадоь ахь цу чохь, хаза хIума до цу чохь, къиношна гечдар доьху ахь цу чохь, вай кхиош-кхобуш волу Дела хьахаво ахь цу чохь, эхарте дехьакхалхарна кечло хьо, таханлера хIокху дийнахь хазахетарца, саму къанца веха хьо, маршонца, синпаргIатонца веха хьо, хьайна Дала деллачу рицкъанна резахуьлу хьо цу чохь, хьайн хIусамнанна (хьайн хIусамдена, хIай лераме йиша), хьайн берашна, хьайн балхана, хьайн хIусамна, хьайгарчу Iилманна, хьайн тIе́гIана реза хуьлу хьо цу чохь: «Схьаиэцца ахь Ас хьайна делларг, (Суна хастам барца) баркалла олучерах а хила». Таханлерчу дийнахь веха хьо, сингаттам боцуш, дог этIар доцуш, оьгIаз эхар доцуш, хьагI лелор доцуш, цабезамаш боцуш.

Хьалха хьайн деган тептара тIехь, тIаккха айхьа болх бечу стоьла тIехь йаздина хила деза ахь: «Таханлера де, таханлера де ларделахь!». Тахана ахь мерза, довха бепиг дууш хилча, селхана ахь диинчу дакъаделлачу, вочу кхалларо, йа хIинца а хьоьга кхачаза долчу, хьо шега ладоьгIуш долчу кханенан кхалларо дан зен дуй хьуна?! Тахана ахь сирла, цIена хи молуш хилча, селханлера дуьра хи бахьана долуш са хIунда гатдо ахь, йа кханалера чаьмза, даьржина хи бахьана долуш са хIунда гатдо ахь?!

Хьуна хьо хьайца бакъхила лаахь, и лаам хьан болат санна онда, чIогIа а хилахь, «Таханлера хIокху денца бен вехар ма вац со» бохучу кхетамна кIел ва́лор ву ахь хьо. ТIаккха пайда оьцур бу ахь хIокху таханлерчу дийнан хIора минотах хьо кхиарехь, хьайн говзаллаш кхиорехь, хьайн Iамал нисйарехь. Ахь эр ду: «Тахана нисбийр бу ас айса лебен мотт, сан багара дер дац цхьа а вон дош, боьха дош, лер, гIийбат. Тахана нисйийр йу сайн хIусам, сайн жайни цIа. Даьржина, дIасакхоьссина хIума хир дац сан, массо хIума шен къепехь, шен низамехь хир ду сан. Тахана ве́хар ву со, сайн дегIан цIеналла ларйийр йу ас, сайн куц-кеп хаздийр ду ас, сайн духар тодийр ду ас, сайн лелар, сайн къамел нисдийр ду ас.

Таханенца вехар ву со, сайн Далла муьтIахь хиларехь къахьоьгур ду ас, уггар хазачу куьцехь ламаз дийр ду ас, суннат ламазашкахь сов ве́р ву со, сайн Къуръана тIе сихсиха хьожур ву со, сайн жайнашка хьожур ву со, пайде дерг дагахь Iамор ду ас, пайде жайна деша гIоьртар ву со.

Йеккъа таханенца вехар ву со, сайн дагчохь дика хIума дугIур ду ас, цу чуьра вочун дитт схьадоккхур ду ас шен ирачу кIохцалгашца: кураллех, вазваларх, гайтамах, хьаьгIнех, оьгIазлонах, гамонах, вон ойла хилийтарх цIандийр ду ас иза.

Деккъа таханлерчу денна вехар ву со, цундела ас цхьа пайде долу хIума дийр ду нахана, сайгара цхьа хаза хIума кхачор ду адамна, цомгаш верг волчу гIур ву со, велларг дIаволла гIур ву со, хьере хилларг хьехарца нисвийр ву ас, мацалло хьийзочунна кхача лур бу ас, балехь волчунна гIо дийр ду ас, зулам хиллачунна улле хIуттур ву со, гIийлачун гIуллакхе хьожур ву со, сингаттам беанчун догоьцур ду ас, Iеламстеган лерам бийр бу ас, жимачуьнца къинхетаме хир ву со, воккхачун лерам бийр бу ас.

Таханлерчу хIокху цхьана денна вехар ву со! ХIай хила а хилла дIадаьлла дерг, чубуьзна хьайн малх санна къайллада́ла сан ойланера, со хьуна воьлхур вац хьуна, хьо дагаоьхуш се́цаш а со хьуна гур вац хьуна, хIунда аьлча хьо тхо дIа а тесна дIадахана, хьо цкъа а кхин йухадогIур доцуш дIадаьлла. ХIай хиндерг, хьо къайлах долчу Iаламехь ду, ткъа со гIенашна тIетийжар вац, сайн са ас хетаршна-моьттаршна духкур дац, тахана гучуда́ла йиш йоцург ас сих а дийр дац, хIунда аьлча кхана бохург – хIумма а дац, хIунда аьлча, иза хIинца а кхоьллина дац, хIунда аьлча, иза хIинцца долуш хIума дац».

Таханлера де, хIай адам, ирсан дошамна йукъахь уггар хаза дош ду, уггар сирлачу суьрташкахь шен дахар дезачунна, уггар хаза жовхIаршкахь шен дахар дезачунна.

*Iаид аль-Къарни*

*«Са ма гатде» жайни тIера,*

*Гочдинарг – Тазабаев Олхазар*

# БУДЬ ПОЛЕЗЕН ДЛЯ ЛЮДЕЙ – И ТЫ ПРЕУСПЕЕШЬ!

Все люди – дети Адама, одна семья. Дружба, любовь и стремление сохранить мир предписано мусульманам. Ислам – религия мира и созидания. Ислам призывает к установлению любви и согласия между собой. А достичь этого невозможно, не проявляя доброту, понимание и не оказывая помощь друг другу.

Спасётся и преуспеет тот, кто будет стремиться к этому, так как спасение человека во многом зависит от того, насколько он старается быть полезным для рабов Аллаха и делать им добро. В Коране сказано: «Творите добро, чтобы вы преуспели» (сура «Хадж», аят 77).

Творение добра и принесение пользы всеми возможными дозволенными средствами является обязанностью мусульман. Это нам повелевает Всевышний: «Поистине, Аллах повелевает соблюдать справедливость и делать добро» (сура «Нахл», аят 90).

Любое совершаемое доброе дело – в первую очередь, польза для самого совершаемого. «Тем, кто творил в этом мире добро, будет воздано добром» (сура «Нахл», аят 30).

Не подобает мусульманину пренебрегать добрыми делами, какими бы маленькими они ни были. Ведь в хадисе говорится: «Ни в коем случае не пренебрегайте ничем из праведных дел, даже тем, чтобы встречать своего брата с приветливым выражением лица» (Муслим).

«Аллах помогает Своему рабу, пока тот помогает своему брату» (Тирмизи).

Проявление доброты не ограничивается только по отношению к мусульманам. Всевышний говорит: «Аллах не запрещает вам быть добрыми и справедливыми с теми, которые не сражались с вами из-за религии и не изгоняли вас из ваших жилищ. Поистине, Аллах любит справедливых» (сура «Аль-мумтахина», аят 1).



Если человек будет оказывать своему брату необходимую помощь, когда тот нуждается в ней, это добро вернётся к нему самому, и Аллах будет помогать ему, когда у него появится нужда.

Рассказывается, что сердце пастуха дядюшки Ахмада погрузилось в печаль. В страшные годы войны он очень многого лишился. Жена умерла, а сын пропал без вести. Сам он, потеряв работу в городе, нанялся пастухом в одном селении.

Однажды, когда его овцы щипали траву по краю дороги, он увидел группу людей, сопровождающих больного юношу в город. По-видимому, несчастный юноша был ещё беднее, чем он сам. Он дрожал от холода в своей тоненькой курточке. Дядюшка Ахмад накинул на плечи дрожащего паренька своё пальто, с которым не расставался уже много лет.

Согнувшись от боли в больничном коридоре в ожидании осмотра, больной юноша с изумлением почувствовал прикосновение чьей-то руки к своему плечу с возгласом: «Папа!». Подняв голову, он увидел перед собой незнакомого молодого человека. Незнакомец, работавший санитаром в этой больнице, смутился, не ожидая увидеть перед собой юношу: «Извините. У вас такое же пальто, как у моего отца, которого я не видел уже много лет. Простите, я принял вас за отца», – сказал он.

Больной юноша расспросил санитара о его отце. Вскоре выяснилось, что отец его и есть дядюшка Ахмад. Юноша сказал санитару, что он не ошибся и пальто действительно принадлежит его отцу. После осмотра они вдвоём вернулись в село.

«За одно благое дело воздастся десятикратно».

Да сделает нас Аллах из понимающих правильный смысл Ислама.

Да поможет нам Аллах понять важность проявления доброты и оказания помощи рабам Его.

Да воскресит нас Аллах с лучшими из Его рабов. Да одарит нас Аллах шафаатом лучшего, самого доброго, самого полезного из Его рабов Мухаммада! Амин.

*Расул Гамзатов*

ДИЙЦАР

# ТIАЬХХЬАРА ДУЙ

Машен сецира. Ахь тIаьххьара дог диллира кху дуьненах. Цхьа атта. Бенбашха а доцуш.

Хьуна кинош чохь а гинера хийлазза стаг вуьйш…

Хьалхара водуьйтура…

ДIагIо, дIавада! – олий, тешийта.

Йа гора хIоттавора, ши куьг коьрта тIехьа а дуьллуьйтуш.

ДIакарчавора тIаккха, «тIах» олий.

Воьжнарг цхьа тамашийна схьахьожура, бехк-бехкам а боцчу хаттарца: – ХIунда? Стенна?

Хьо-м воьллера оцу суьртех, туьйранех санна…

Хьан коьртах тIоьрмиг боллура, цхьа йахкайеллачу картолийн хьожа а йогIуш. ТIехьадихкина ши куьг хьала а таIош коьртехьа, машен тIера (УАЗик) чукхоьссира хьо, йуха, тIаьхьашхула букъ а лоцуш, мийра туьйхира. Хьо Iункарбертал керччина дIавахара ирачу кIохцалш тIе корта а кхеташ. Башха лазам ца хаабелира хьуна, цхьана агIор дIа-м керчира, «ахI» а деш.

Меллаша голаш хьайн чIениг кIел хьалауьйзира ахь. Хебира, зу санна, дегI Iад санна дула а деш. Иштта атта хийтира хьуна лазам тIеэца… Iожалла… ЦIеххьана ахь катоьхна сацийна йолу ойла хьайх лаьцна йара. Хьо самавелира. Ойланца…

– Со ма вац аш вуьйцург, – элира ахь, хезаш йа ца хезаш. Хьуна ца хаьара. Ахь чIагIо йира:

– Сайна чохь са а долуш, сан ойлано болх мел бен, кхин сайн сих, дегIах, Iалашонех, лаамех ойла ца йан, дага ца леца…

Иза хьан тIаьххьара дуй бара, цхьа тамашийна чIагIо. Хьайн ненан сурт кхетамна хьалха далийра ахь.

Цхьана мIаьргонна.

Иза йоьлхуш гира хьуна, цхьа сингаттамечу бодашкахь, бете ши куьг а диллина, хIинцца къежйала йоьлла месаш а гуш, йовлакх кIелара схьагIоьртина.

Хьан цIе а йохуш…

– Сан цIе… ЦIе ма ца хезира суна.

Хьо къовлавелира.

– Сан цIе…

Хьуна дага ца йогIура хьайн цIе.

– Со мила, хьенан?.. Со стенгара?.. Собардел, собардел цкъа. И хIун?.. Муха ца йогIу?..

Машен дIайолайелира, чIоггIа гIовгIа а оьккхуьйтуш, чкъургаш кIелара жагIа схьа а кхуьссуш.

– Со… Со Iадвитина… Со веллах ваций? Йа…

Ахь хьайн корта хIинца а Iитталучу кIохцалш тIе таIабо. Хьо лазаво. Лаза муха ца во, кIохцалш хьан коьртан туьтанах дIагIоьртина хилча.

Ахь ладугIу. Коьрта чуьра зов дIа а долуьйтий, йуха лергашкара а.

Ойла йоду ма-хуьллу шерачу аренашкахула, коьллех а тиссалуш, гора-бертал а йетталуш. Соцу, ког дIа а тосуш, тIаьхьадедда догIу хьайн IиндагI хьайца дIа а нисдолуьйтуш, «хьуьхь» а деш, йуха «ахI» а.

– Со Iехош… Ас хIун до хьажа…

Шайн онддачу догIмаш тIехь лаьтташ, вовшашка бIаьцаш а йеш, цигаьркан кIур ирх а оьхуьйтуш… Сох бийла. Суна сайн са дезарх ца бешаш…

Йуха…

ТIейерзийна, куьг дIа а дахдина, йеха йуьхьиг а йолуш тапча, йа цхьа куро, цхьана куьйга лаьцна «калашник».

Ахь йуха а ненан сурт хьайн ойланийн куьзгана хаьлха озадо, хьаж а къовлуш.

Сурт цхьа даьржина го хьуна. БIаьргаш дIахьаббо ахь, чIоггIа. Iаьржа бода. Стигал. Можа стигал. ДIахьаьвдда йоьлху цIен мархаш а.

Йуха цхьа дашочу маьлхан бIарлагIа, бIаьрса а дойуш… –

Со Iехош... Ас хIун до хьажа... Шайн онддачу догIмаш тIехь лаьтташ, вовшашка бIаьцаш а йеш, цигаьркан кIур ирх а оьхутуш… Сох бийла. Суна сайн са дезарх ца бешаш...

Мел хан дIайаьлла а ца хаьа хьуна. Хьуна хIинца хIумма а ца хаьа.

Хьан цхьа агIо гIорийна. ДегI изгадо, цергаш а йетташ.

Хьан голаш чIениг кIел гIоьртина йохку, лаца а йелла.

СадеIарца хьуна хьуо цхьана арахь хилар хаало. Кийра буьззина са чу озо гIурту хьо, хIаваъ…

Мерах деттачу цIийно новкъарло йо. Са кхача а дой, йовхарш туху, кийра а лазош.

Ког дIагIортабо ахь, нисбан. Йуха – шолгIаниг. Вовшахъхьакхабо буьххьера. Нана-пIелгаш хаало. КогашIуьйра…

Кийрахь цхьаъ Iиттало.

Хьо дIахила гIерта оцу Iитталучу тIулга тIера, ца хаьа пIендарш кегдина хилар.

Меллаша тхьуздоьлла дегI йухаозадо ахь, кIохцалш тIера нацкъара хила а гIерташ. Коьртах боьллина тIоьрмиг дIатасало.

Куьг кховдо гIурту хьо, паргIат дерг. Цхьамма важа озадо, даI сама а доккхуш.

Аркъал керча хьо, меллаша, ши куьг дегIа кIелахь дIа а нисдеш.

Къилба а догIу хьуна дага, ца торуш санна. Сихха лоллу и ойла, цхьаъ кхоьссина дадийтина жIаьлин кIеза санна.

Ас хIун до хьажа… Шаьш со Iадвитинчух, тешийта…

КIелдIашхула бIаьстенан соьналла санна кхин ойла ийало, са а кIамдеш.

ПаргIатоне сатосу ахь.

Сиха йастало хьан къийлайелла йолу ойла. Цхьана мIаьргонехь йуху хьан Iожалла тIеоза кечйелла йолу кеп. Iанайоьлху керташ, цхьацца агIор охьа а оьгуш. ТIаьххьара тхов а бужу чу, боккха ченан кIур а оьккхуьйтуш «гIар-гIар-раст» олий.

Да виса-кх хьан, паргIато!

Куьйгаш – тIехьа, голаш чIенигах гIоьртина, цергаш а гIорийна.

ПаргIато!

Хаайели-кх хьуна иза, хIетте а.

Ахь бехк билла бахьанаш лоьху хьайн дегIан чархана.

Иэхь ца хета ала кечло, да велла йиса и.

Чахчийначу кхетамо шен некъ лоьху, аьхна некъ, серлонга, малхехьа айъа а луш. Кхетамах тийссало ойла.

Хьо дагадаийта гIерта…

Шадерриг. Хилларг, йа цахилларг…

Хьо самаваьлла а ца ваьллера, сатасале чу а лилхина, неIарш а кегйеш, хьоькхучу маьхьаршна йуккъехула, когашIуьйра хотталхула, коьртах, белшах автоматан бух а тухуш…

Хьоьга даима хеттарш дора, Iаьржачу тоьли чохь, бIаьргаш дуьхьал фонарикаш а лоьцуш.

– ХIун хаьа хьуна?! Схьадийца ма-дарра!!! – бохуш. Хьуна хIумма а ца хаьара. Ахь иштта дIа а олура:

– ХIумма а ца хаьа.

ХIун хаа деза ала ца ларавора хьо, тоьхначу хIумано корта охьаоллаболуьйтура, некха тIехула мелачу цIийн Iовраш охьа а хьодуьйтуш.

Масозза а – иштта. Цул тIаьхьа а. Йуха а, йуха а…

– ХIун хаьа?! ТIаьххьара а хоьтту хьоьга, подонок! – элира хьоьга. Хьуна дагадеара.

– Хелхавала хаьа, хелхавала, кхин хIумма а…

Хьо хебира гIанта тIехь, тIехьа дихкина ши куьг а долуш.

Уьш бийлабелира, цхьа гIаддайча санна.

– Смотри на него! – олуш.

– Будешь танцевать сейчас?! – хьаьттира хьоьга, хьо гучаваккха санна, йа ловзар дезарна.

– Буду, – элира ахь, белшах хьайн йуьхь-марш дIахьакха а гIуртуш.

– С музыкой, или?!

– Бен а дац, – элира ахь… бен а…

Хьо схьаваьстира.

Гуо шорбира, тIе фонарикаш а лоцуш.

Хьо йуккъе велира, хьажийначу серлонна тIе бIаьрг а хIоттош.

БIаьргаш хьалхахула массо а тайпа бос болу серлонаш хьаьвзира, хийца а луш, цхьана гура чохь санна. Ахь ког айбира ,баьццарчу бай тIе охьа а буьллуш. Йуха важа – дIаса а хьожуш. Гуо боккха гира.

МогIаршкахь хьан нийсархой, доттагIий, хьуна гергарлонца бехке болу кIентий гIевттира, цхьабосса тIараш а тухуш, «Iайт-Iийт» а деш. – хьовзайе! – олу, – хьан нанас йина йац хьуна!

Хьо хIинца боккха гуо тесна воьдура, дуьне санна, малхана гуо туьйссуш долу.

– Хьовзайе йоI, хьовзайе! – хеза хьуна, – вайн нус, – тIетуху цхьамма, – гергарло сихдеш, хIета а, вета а хин йолу нус, – бохуш санна.

– ХIаъ! – олу кхечо, – дика ду! Дуьйцуш гена а даьлла, ца хила герга а кхаьчна!

«Iайт-вайт»! – а хеза. Забар, забар ца хаьа шуна?!

Вотано ткъес туху, дорцан амало санна, дитт а дижош, гIа-буц а. Стелахаьштиг а ластош. Пондаран аз кхерста шерачу аренашкахула, хьаннашкахула, лаьмнашкахула. Коьртера когашка кхаччалц ирахIутту дегIа тIера чо, коьртан чкъор тхьус а долош.

Хьо когабуьхьар хIутту, корта аркъал а таIош, дегI а нисдеш, лам тIе хIоьттича санна. ХIинца когабуьхьар йоху ахь гIулчаш, сил дуккхайеза йуьртара йоI хьовзо, нийсархошна улле йига, бохь богIа, стигал-латта а къовкъош, Iалам-дуьне а доккхуш цец.

Цхьа шовкъе! Цхьа инзаре!

Нана а го хьуна, цхьана зудаберашна йуккъе таьIна, йоккхайеш, Iадийча санна, бIаьргаш тIе а къарзийна. Да а. Иза йухаволу, иэхь хетча санна, бехк лаьцна…

– Довольно! – хеза хьуна, фонарикаш тхов тIе хьала а йерзош.

– Молодец! Так надо!

– Имран! Валяй ему подарок!

Хьуна хьалха кIайчу баьпкан цастарш а, « Пепси» шиша а хIоттадо. «совгIат» аьлла, тIе а тухуш.

Хи молу ахь, аьлча а, чудутту-кх, жагIанна йуккъе санна, Iаьпаш йуьйлуьйтуш.

ЦIеххьана хьан корта хьаьвза.

Хьо, цхьа тамашийна мал а лой, охьашерша, пена тIе дIа а хьаьхаш.

Йуха дIакерча, лаьтта буха воьдуш санна, са мере хьала а гIуртуш…

Самаволу хьо, кIайчу кIедачу меттахь.

ЦIахь!

Ненан букъ го хьуна, арайолуш, цхьанна тIаьхьа…

– Со нана йала хьан, ма кегвина-кх хьо, бе а бехк а боцуш…

ТIаьххьара дешнаш йовлакхан тIома йуккъехь къайладовлу, дуьрачу бIаьрхишца цхьаьна дIа а уьйш.

*Ибаев Руслан*

# 7 ПРОСТЫХ СПОСОБОВ, КАК ПЕРЕСТАТЬ СПЛЕТНИЧАТЬ И ОБСУЖДАТЬ ДРУГИХ ЛЮДЕЙ

**Практические шаги по избавлению от злословия.**

Все мусульмане, как мы надеемся, знают о пагубности такой привычки, как сплетня или злословие, - о том, что в Исламе называется арабским словом гыйбат.

Когда сподвижники спросили Посланника Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) о том, что это такое – гыйбат, он ответил им: «Это когда ты говоришь о своем брате нечто, что ему неприятно». Один из сподвижников спросил: «А если то, что я говорю, правда?». На что Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) ответил: «Если это правда, то это злословие, если же это неправда, то ты оклеветал его» (передал Муслим).

То есть, обратите внимание – грехом является говорить о человеке за глаза что-то, что было бы ему неприятно, даже если это правда! Многие не обращают внимания на этот пункт, оправдывая себя: «Но мы же не придумываем, он такой и есть – глупый, жадный, толстый, ленивый». Но разве человеку было бы приятно такое определение его личности? Об этом Аллах строго предупреждает верующих: **«О те, которые уверовали! Избегайте многих предположений, ибо некоторые предположения являются грехом. Не следите друг за другом и не злословьте за спиной друг друга. Разве понравится кому-либо из вас есть плоть своего покойного брата, если вы чувствуете к этому отвращение? Бойтесь Аллаха!» (49, 12).**

Обсуждать недостатки или ошибки другого человека – в любом случае дурно, будь это мусульманин или немусульманин; делается это в личном общении или в виртуальном пространстве в сети.

Этот момент тоже следует упомянуть – некоторым людям кажется, что в виртуальном пространстве «все понарошку», поэтому и грехи здесь – не совсем грехи. Так что они не считают зазорным, к примеру, поднимать на смех то, что пишут какие-то люди на своих страничках, обсуждать чужую внешность по фотографиям или обсуждать какую-то иную чужую личную информацию.

Грехом будет являться даже само наше присутствие в той компании, где обсуждают какого-то человека за глаза, если мы будем молчать и не пытаться остановить сплетников. Если мы молчим, а не протестуем против греха и не покидаем эту компанию, значит, мы одобряем то, что там происходит.

Но теперь остается другой вопрос. Мы все согласны с тем, что сплетничать и злословить о ком-то – грешно и порицаемо. Но как нам отказаться от этого поступка? Известно, что многие люди понимают его вред, но им мешает привычка, чужой дурной пример, нахождение в соответствующем обществе и тому подобное.

**Итак, что можно сделать, чтобы отказаться от гыйбата – следующие семь моментов могут помочь нам в этом:**

**1. Осознание самого факта, что сплетня и злословие – это грех, а не невинное провождение времени.**

К сожалению, многие люди (даже верующие) не знают о том, что такое гыйбат, и, как следствие, не стараются удерживаться от этого занятия.

**2. Избегайте людей, которые не умеют иначе проводить время, кроме как занимаясь обсуждением других людей.**

Даже если это ваши друзья, если у вас нет других общих тем для разговоров, кроме как обсуждать жизнь или поступки отсутствующих людей, вам следует расстаться с ними или приложить все усилия, чтобы донести до них опасность этого греха. Напоминайте себе и им, что верующий человек – это тот, кто говорит благое или молчит.

Будет очень похвально, если вы вместе со всем вашим окружением договоритесь отказаться от этой вредной привычки и начнете удерживать друг друга, если кто-то из вас забудется и начнет по привычке говорить об отсутствующих. Для напоминания должно быть достаточно какой-то простой фразы, как, например: «Ой, мне кажется, мы уже совершаем гыйбат», чтобы перевести разговор на иную тему.

**3. Избегайте мест, где люди чаще всего занимаются сплетнями.**

К примеру, кулеры для воды или кофейные автоматы в учреждениях и офисах часто являются местом, где обсуждают работников этого заведения. Кафе или иные места общественного питания в учебных заведениях также являются местом обмена сплетнями. Интернет с его социальными сетями, чатами и блогами дает некоторым людям неограниченные возможности для злословия.

Если каждый раз во время обеда вы невольно принимаете участие в сплетнях, следует подумать о другом месте для приема пищи. Если злословие общепринято в том блоге или группе, которые вы привыкли посещать в Интернете, найдите себе иное место для общения. Если вы будете присутствовать в обстановке, где злословие является нормой, вы поневоле начнете в нем участвовать.

**4. Прекращайте злословие сразу, как только оно начинается.**

Если вы оказываетесь в каком-то новом окружении – в новом рабочем коллективе или новой компании – сразу обозначьте свою позицию, что вы считаете сплетни грехом и не хотите в этом участвовать. Разумеется, во время подобного напоминания не следует быть агрессивным и самодовольным, следует сделать это мягко и вежливо.

**5. Избегайте всего, что может перевести разговор на обсуждение других людей.**

К примеру, вопросов наподобие: «Я давно не видел такого-то. Как он поживает?». Вместо обычного ответа, вам могут сказать: «А вы слышали, что он…?». Некоторые исламские ученые советовали верующим вообще избегать вопросов об отсутствующих людях из страха злословия.

**6. По возможности попросите прощения у тех людей, о которых вы когда-то плохо отзывались, и сами прощайте тех, кто злословит на ваш счет.**

Особенно следует просить прощения в том случае, если ваше злословие о каком-то человеке повредило его репутации и заставило других людей плохо думать о нем. Наоборот, старайтесь говорить об этом человеке хорошо там, где вы раньше говорили о нем что-то плохое.

Если же человек не знал о вашем злословии, и это никак не вредило ему, лучше не сообщать ему о ваших дурных словах в его адрес, чтобы не огорчать его и не вызывать смуты. Просите прощения у Аллаха за свой грех и старайтесь больше к этому не возвращаться.

Если вы узнали, что какой-то человек плохо говорил о вас, рассказывал другим людям о ваших недостатках или ошибках, постарайтесь простить его. Ведь вы и сами наверняка не были безупречны в этом отношении.

И в дальнейшем помните, если человек охотно обсуждает с вами отсутствующих людей, скорее всего, он с таким же энтузиазмом будет обсуждать вас самих в ваше отсутствие. Если вы любите посплетничать о других, то и сами можете стать жертвой сплетен и злословия.

**7. Чаще вспоминайте о смерти и об отчете в Судный день.**

Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) советовал верующим:

«Часто вспоминайте разрушительницу наслаждений – смерть!» (ат-Тирмизи, ан-Насаи).

То, что кажется нам таким привлекательным и интересным в этой жизни, уже не покажется столь приятным, если мы будем чаще думать о смерти и о необходимости дать отчет за все свои поступки после смерти и в Судный день.

Суровое наказание ждет сплетников в будущей жизни, как об этом говорится в хадисе Пророка (да благословит его Аллах и приветствует): **«Когда я поднимался на небо (во время мираджа), мне были показаны люди, у которых были ногти из меди, которыми они царапали свои лица и грудь. Я спросил у Джибриля: «Кто эти люди?». И он ответил: «Это те, кто злословил и порочил других людей» (Абу Дауд).**

Известно, что в Судный день человек, который нарушил права другого человека, должен будет отдать ему свои благие дела – а если их не окажется, то на него будут возложены грехи того, кого он обидел.

В связи с этим передается история о поступке одного из праведных предшественников, имама Хасана аль-Басри (да помилует его Аллах). Однажды он узнал, что такой-то человек злословил о нем. В ответ на это Хасан аль-Басри пришел к этому человеку с блюдом свежих фиников и сказал: «Поистине, ты подарил мне свои благодеяния. Я благодарю тебя за это. Но я прошу твоего прощения, потому что я не в силах дать тебе подарок, равный твоему подарку».

Если человеку удастся отказаться от пристрастия посплетничать, он уже недалек от достижения довольства Аллаха: «Кто защитит свой язык от злословия и дурных слов, а свои интимные органы от прелюбодеяния, я (Пророк) гарантирую ему вход в рай» (Бухари и Муслим).

В другом хадисе сказано, что «настоящий мусульманин – тот, от чьего языка и рук не страдают другие люди» (Тирмизи, Насаи).

Так давайте будем такими настоящими мусульманами, чтобы наши слова не причиняли вреда другим людям - ни явно, ни тайно, ни в их присутствии, ни в их отсутствие. И да поможет нам Аллах в этом.

*Анна (Муслима) Кобулова*

**ДIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете йазвалар!**

**32 шо дIадаьлла СССР пачхьалкхехь дуьххьарлера бусалба динан газет «Исламан зIаьнарш» арадаьлла. Боккха хилам бара иза, Дела вац аьлла коьрта идеологи йолчу коммунистийн Iедал долуш бусалба газет арадалар. Газет арадолу шина маттахь: оьрсийн а, нохчийн а. ХIетахь дуьйна газетан агIонаш тIехь оха зорбатуху Iеламнехан хьехамаш, довзуьйту церан дахарх долу бакъдерш. Газето довзуьйту бусалба динан баххаш, вайн безачу нехан - эвлайаийн дахарх долу бакъдерш, вайн къоман хаза гIиллакхаш, Iадаташ. Иштта газетадешархойн аьтто хир бу халкъан турпалхой бовза, церан хьуьнарш довза.**

**Йазло «Исламан зIаьнарш» газете. Йазваларан мах: эхашарна – 360 сом, цхьана шарна – 720 сом.**

**Учредитель:**
Министерство Чеченской Республики по национальной политике, внешним связям, печати и информации

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

**Куратор газеты Х-А. Ж. Кадыров**
**Основатель газеты М. Д. Заурбеков**
**Главный редактор Ф. М. Заурбекова**

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
**Телефон:** 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori_islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928, Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00110.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц на русском и чеченском языках. Свободная цена. Тираж – 3000 экз. Передано в печать: 27.09.2023 г. 15:00. Подписано в печать: 27.09.2023 г. 16:00. Заказ №________ Газета отпечатана в типографии АО «ИПК «Грозненский рабочий». Адрес типографии: 364021, г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, 12/35.
Индекс издания ПА882.